Жуўмақластырып айтқанда, Президентимиз тәрепинен қабыл етилген “Мәмлекетлик емес билимлендириў хызметлерин көрсетиў жумысын буннан былай да раўажландырыў илажлары ҳаққында”ғы қарар мәмлекетлик емес билимлендириў мәкемелери секторының кеңейиўин, республикамыздың ҳәр бир районындағы ҳәм қаласындағы пуқаралардың билимлендириў хызметлеринен пайдаланыўда таңлаўға ийе болыўын, жасларға мүнәсип тәлим-тәрбия бериў сыяқлы ўазыйпаларды өз мойнына алатуғын маман ҳәм жетик жеке-меншик исбилерменлердиң жумыс алып барыўын тәмийинлеўге хызмет етеди.

**Әдебиятлар**

1. Ўзбекистон Республикасининг 1998 йил 29 августда қабул қилинган “Таълим тўғрисида”ги Қонуни.
2. Мирзиёев Ш.М. “Сын талқылаў, қатаң тәртип-интизам ҳәм жеке жуўапкершилик – ҳәр бир басшы жумысының күнделикли қағыйдасы болыўы керек”. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң елимизди 2016-жылы социаллық-экономикалық раўажландырыўдың тийкарғы жуўмақларына ҳәм 2017-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳимийетли тийкарғы бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң кеңейтилген мәжилисиндеги баянаты. /«Еркин Қарақалпақстан» газетасы, №8-9 (19939). 17-январь 2017-жыл.
3. «Мектепке шекемги билимлендириў системасын басқарыўды түп-тийкарынан жетилистириў илажлары ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы. /«Еркин Қарақалпақстан» газетасы. №123 (20053), 3-октябрь 2017-жыл.
4. “Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги билимлендириў министрлигиниң жумысын шөлкемлестириў ҳаққында”ғы Қарары. /«Еркин Қарақалпақстан» газетасы. №123 (20053), 3-октябрь 2017-жыл.
5. “Жоқары билимлендириў мәкемелерине кириў ушын талабанларды мақсетли таярлаў системасын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында”ғы Қарары. /«Еркин Қарақалпақстан» №123 (20053), 3-октябрь 2017-жыл.
6. “Өзбекстан Республикасын және де раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 7-февральдағы Пәрманы. /«Еркин Қарақалпақстан» №19 (19949). 11-февраль 2017-жыл.
7. Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Мәмлекетлик емес билимлендириў хызметлерин көрсетиў жумысын буннан былай да раўажландырыў илажлары ҳаққында”ғы Қарары. /«Еркин Қарақалпақстан» №117 (20047). 19-сентябрь 2017-жыл.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада таълим соҳасидаги ислоҳотлар, хусасан, нодавлат таълим тизимидаги ислоҳотлар моҳияти ҳақида фикрлар билдирган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам реформирования в системе образования, и в частности анализу реформ в негосударственных образовательных учреждениях.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of reforming in the system of education, the analysis of reforms of non-governmental educational establishments, in particular.

# KISHI MEKTEP JASÍNDAǴÍ BALALARDA OQÍWǴA BOLǴAN QÍZÍǴÍWSHÍLÍǴÍN QÁLIPLESTIRIW

**M.Matkarimova** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** o‘quv faoliyati, ta`lim jarayoni, aqliy mehnat, o‘quv komponentlari, bilim egallashga qiziqish.

**Ключевые слова:** учебная деятельность, процесс обучения, умственный труд, учебные компоненты, интерес к овладению знаниями.

**Key words:** educational activity, teaching process, mental work, educational components, interest to knowledge acquisition.

Oqıw xızmeti kishi mektep jasındaǵı balalar psixikası rawajlanıwındaǵı ózgerislerdi belgilep beredi. Mektepke birinshi kelgen bala óz xızmetiniń túp mazmunı hám wazıypasın tolıq túsinip jetpeydi, bálkim hámme mektepke barıwı kerek dep biledi. Úlkenlerdiń kórsetpelerine ámel qılıp, tırısqaqlıq penen shınıǵıwlarǵa kirisip ketedi. Aradan belgili bir waqıt ótkennen keyin, quwanıshlı sezimlerdiń kemeyiwi menen mekteptiń sırtqı belgileri óz áhmiyetin joq etip baradı hám bala oqıwın kúndelik aqılıy miynet ekenligin túsinip jetedi.

Sonıń ushın balanıń aqılıy kónlikpesine iye bolmasa, onıń oqıwdan kewli suwıydı, onda úmitsizlik sezimi júzege keledi, oqıtıwshı bolsa, bunday jaǵdaydıń aldın alıw ushın balaǵa tálimniń oyınnan ayırmashılıǵı, qızıqlılıǵı haqqında maǵlıwmatlar beriwi hám onı usı xızmetke tayarlaw kerek. Oqıw xızmeti dawamında payda bolǵan ózgeshelikler balanıń keleshekte rawajlanıwı ushın tiykar bolıp xızmet etedi. Mekteptegi oqıw balalardıń biliw zárúrliklerin tez rawajlanıwı hám sıpatlı bolıwı, olardıń átirap turmısqa aktiv qızıǵıwshılıqların júzege keltirip, jańa bilim hám kónlikpelerdi iyelewleri ushın sharayat jaratadı. Bala áste-aqırınlıq penen óziniń psixikalıq protcesslerine iyelik etip, qabıl etiw, dıqqat hám este saqlawın basqara alıwǵa úyrene baslaydı.

Kishi mektep jasındaǵı bala oqıtıwshısı menen jaqsı emotcional múnásebette boladı. Usı dawirge shekem tuwrıdan-tuwrı úlkenler basshılıǵında ol yaki bul xabarlardı ózlestirip kelgen bolsa, endi óz qálewi, erki menen zárúr maǵlıwmatlar toplawǵa, óz aldına anıq maqset hám wazıypa qoyıwǵa háreket etedi. Balanıń mine, usı aktivligi este saqlawınıń belgili bir dárejede rawajlanǵanlıǵın bildiredi. Aqılıy jol menen shólkemlestirilgen tálim protcesi bul jastaǵı balalardıń oylawın jedel rawajlandıradı. Bul jastaǵı bala basqa dáwirlerge salıstırǵanda kóbirek nárseni ózlestiredi. Mektep tálimi oqıwshınıń turmıs tárizin, sotcial dárejesin, klass jámááti, hám shańaraq ortalıǵındaǵı ornın ózgertedi. Onıń wazıypası oqıwdan, bilim alıw, kónlikpe hám sheberliklerdi iyelew, ózlestiriwden ibarat bolıp qaladı. Kishi mektep jasındaǵı oqıwshılardıń oqıw xızmetleri quramalı bolǵan kóp dárejeli motivler sisteması menen basqarıladı. Oqıw xızmeti motivleri oqıwshılar ne ushın oqıp atırǵanlıǵın kórsetip beredi. Mekteptiń birinshi klasına kelgen balalarda sotcial motivler ústinlik etedi. Bul motivler átiraptaǵılar arasında jańa ornın iyelew, sotcial áhmiyetke iye bolǵan hám bahalanatuǵın xızmet penen baylanıslı bolǵan motivler esaplanadı. Biraq birinshi klasstıń aqırına kelip, kópshilik oqıwshılar óz mektep

májbúriyatlarına juwapkersizlik penen qarap baslaydı. Bul bir qansha sebepler menen baylanıslı: 1) Bala endi oqıwshı boldı, oqıwshı bolıw tilegi qanaatlandırıldı. Bul ataqtı uslap turıw ushın hesh nárse qılmasa da boladı. 2) Oqıwshınıń sotcial ornı mektepte olarǵa beriletuǵın oqıw xızmeti mazmunı menen belgilenbeydi. Jańa dástúrler tálim mazmunı hám onı shólkemlestiriwge jańasha jantasıw tiykarında dúzilgen bolıp, kishi mektep jasındaǵı oqıwshılardıń jas imkaniyatların júzege shıǵarıp, balalarda turaqlı oqıw motivlerin rawajlandırıwǵa xızmet etedi [1:21].

Tálimniń mazmunı oqıwshınıń bilimlerdi iyelewge qızıǵıwshılıǵı, óz aqılıy miyneti nátiyjesinen qanaatlanıw sezimi menen úzliksiz baylanıslı. Bul sezim oqıtıwshınıń marapatlawı menen júzege keledi. Sonıń menen birge, oqıwshınıń qálewin, tileklerin qáliplestiredi. Balada payda bolǵan maqtanısh sezimi, óz kúshine isenim sezimler bilimlerdi ózlestiriw hám sheberliklerin rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Kishi mektep jasındaǵı balalardı oqıtıw protcesi, oqıw xızmetiniń tiykarǵı komponentleri: oqıw máseleleri, oqıw jaǵdayları, oqıw háreketleri, baqlaw hám bahalaw menen tanıstırıwdan baslanadı. (V.V.Davıdov boyınsha). Bul boyınsha barlıq predmetli háreketler aqılıy rawajlandırıwǵa qolay bolǵan sharayatta ámelge asırılıwı júdá áhmiyetke iye. Oqıwshınıń oqıw xızmetin ózlestiriwi oqıw máseleleri sistemasın sheshiw protcesinde ámelge asırıladı. Oqıwshınıń basında kishi mektep jasındaǵı oqıwshılar erkin ráwishte oqıw máselelerin qoyıw hám sheshiwdi bilmeydi. Bul wazıypanı basında oqıtıwshı orınlaydı. Áste aqırınlıq penen oqwshılardıń ózleri de oqıw máselelerin qoyıw hám sheshiw ushın zárúr bolǵan kónlikpe hám sheberliklerdi iyeley baslaydı. Bul erkin oqıw xızmeti qáliplesiwiniń zárúr basqıshı esaplanadı. Oqıw máselelerin ajıratıp alıw baslawısh klass oqıwshıları ushın belgili bir qıyınshılıqlardı júzege keltiredi. Sonlıqtan, hár bir sabaqtıń aqırında oqıtıwshı oqıwshıları anıq bir tapsırmalardı orınlawdıń mánisin qalay túsingenliklegin anıqlaw ushın waqıt ajıratıw kerek. «Biz búgin klassta nelerdi úyrendik?» sıyaqlı soraw balalarǵa dápterine sızıqshalar sızıp, sheńberlerdi boyawın emes, al sanawdı, qosıwdı yaki ayırıwdı úyrengenliklerin túsiniwlerinde járdem beredi. Eger bala oqıw háreketlerin nadurıs orınlasa, bul onıń oqıw háreketlerin ya baqlaw, ya bahalaw menen baylanıslı háreketlerdi bilmewi, yaki olardı jaqsı iyelemegenliklerinen boladı. Belgili psixolog hám pedagoglardıń ilimiy shıǵarmalarında kishi mektep jasındaǵı oqıwshınıń oqıw xızmetindegi erkinligi ushın shárt-shárayatlardı jaratıw júdá áhmiyetli ekenligi haqqında pikirler bar.

Oqıw xızmetinde baqlaw hám óz-ózin baqlaw kishi mektep jasındaǵı oqıwshılarda oqıw háreketlerin erkin rejelestiriwi hám orınlawdıń qáliplesiwinde júdá zárúr. İzertlewshilerdiń kórsetiwinshe, baslawısh klass oqıwshılarınıń máselelerdi sheshiwdegi ayırım jol hám túsiniklerdi jetkilikli dárejede iyelemegenlikleri bul túsinik hám jollardı qáliplestiriwde balalar barlıq kerekli oqıw háreketlerin orınlawǵa úyretilmegenliginiń nátiyjesi.

Balalar oylawı hám sóylewiniń rawajlanıwında dawıs shıǵarıp pikir júritiwdiń hám bul usıldan oqıw protcesinde paydalanıwdıń áhmiyeti úlken. Dawıs shıǵarıp pikir júritiw hám óz sheshimin tiykarlap beriw aqılıy sıpatlarınıń rawajlanıwına xızmet etip, insan óz pikirleri hám is-háreketin analiz etiwi hám túsiniwin rawajlandıradı. Kishi mektep jasındaǵı oqıwshılarda aqılıy hám oqıw materialın ózlestiriw imkaniyatları bir qansha joqarı esaplanadı. Durıs shólkemlestirilgen tálimde bul jastaǵı balalar orta mektep baǵdarlamasinda kórsetilgen bilimlerge salıstırǵanda kóbirek bilimlerdi túsiniwleri hám ózlestiriwleri múmkin [2:11].

Kishi mektep jasındaǵı balalar oqıwındaǵı qıyınshılıqlar bala shaxsınıń barlıq shaxsıy, biliw, motivatciyalıq hám erkli-emotcional tarawlarda sáwlelenedi. Bul qıyınshılıqlar ózara bir-biri menen baylanıslı. Bir qıynshılıqtıń joq etiliwi ekinshi bir qıyınshılıqtıń da kemeyiwine alıp keledi. Oqıwǵa salıstırǵanda unamlı múnásibet kishi mektep jasınıń aqırlarına kelip, bir qansha páseyiwi kózge taslanadı. Oqıw xızmetine qızıǵıw 1-2-klasslarda kóterilip, 3-4-klasslarda páseyedi. Oqıw xızmetine qızıǵıwdıń páseyiwinde oqıtıwshınıń tayar materialdı bayan etiwi hám oqıwshılardıń yadlap alıwları ustanovkası ústemlik etedi hám oqıwshılardıń aktivlikleri eliklew xarakterinde boladı. Baslawısh klass oqıwshılarında oqıw xızmetiniń barlıq elementleriniń qáliplestirilgenligi hám erkin orınlay alınıwın jetekshi xızmet sıpatındaǵı oqıw óz wazıypasın orınlaǵanlıǵın ańlatadı. Kishi mektep jasındaǵı oqıwshılardıń oqıw xızmeti óz quramına tómendegilerdi kiritedi:

- máseleler sheshimleriniń ulıwma jolların erkin ráwishte tabıw kónlikpeleri;
- oqıw wazıypaların ajırata alıw hám baqlay alıw;
- ózin hám óz xızmetin adekvat bahalay alıw hám baqlay alıw;
- xızmette ózin-ózi basqara alıw;
- logikalıq pikirlew qaǵıydalarınan paydalana alıw;
- ulıwmalastırıwdıń túrli formaların iyelew hám olardan paydalana alıw;
- jámáátlik xızmetlerde qatnasa alıw;
- joqarı dárejede erkin dóretiwshilik xızmetke iye bolıw [3:25].

Biraq, kóp jaǵdaylarda kishi mektep jaǵdaylarinda oqıw xızmeti mektep ámeliyatında birinshi orınǵa balalardı ámeliy kónlikpelerge, oqıw, jazıw, sanaw sıyaqlı sheberliklerge úyretiw mashqalası turadı. Baslawısh klass oqıw xızmetiniń tiykarǵı wazıypası-bul oqıwshılardı «oqıw»ǵa, bilim alıwǵa úyretiw esaplanadı. Kishi mektep jasındaǵı balalardı psixikalıq jaqtan rawajlanıwında tálimniń tásirinde keskin ózgerisler júz beredi. Bul ózgerisler olardı turmıstıń juwapkershilikli dáwiri bolgan óspirimlik dáwirine ótiw ushın tayarlaydı.

**Ádebiyatlar**

1. Adizova T.M., To‘laganova G.K. Maktab psixologining o‘zlashtira olmovchi boshlang`ich sinf o‘quvchilari bilan amalga oshiradigan psixologik-korrektsion ishlari. Maktabda psixologik xizmatni tashkil qilish muammolari. –T.: TDPU. 1994. 18-32-b.

2. Adizova T.M., Usmanova E.Z., To‘laganova G.K. Kichik maktab yoshining psixologik muammolari. Psixologik tuzatish ishlarining ayrim jihatlari. –T.: «O‘qituvchi», 1995, 3-12-b.

3. Axunjanova S.A. Bolaning maktabga moslashishining diagnostikasi. O‘zlashtira olmaydigan boshlang`ich sinf o‘quvchilari bilan amalga oshiriladigan psixologik-korrektsion ishlar (metodik tavsiyanomalar). –T.: «O‘zbekiston» respublikasi davlat matbuot qo‘mitasi. 1996, 27-33-b.

**REZYIME**

Maqolada kichik maktab yoshidagi o‘quvchilarning maktabga psixologik tayyorligi, ta`lim jarayonida o‘qituvchi shaxsining tutgan o‘rni, o‘quv faoliyatining asosiy komponentlari xususida fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о психологической подготовке к школе детей младшего возраста, роли учителя в процессе обучения и основных компонентах учебной деятельности.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of psychological training of children of junior age for school, the role of a teacher in the teaching process and the basic components of educational activity.